| Qaraqalpaqstan Respublikası<br>Taxtakópir rayonı<br>**HÁKIMINIŃ**<br>**SHESHIMI** | Qoraqalpog'iston Respublikasi<br>Taxtako'pir tumani<br>**HOKIMINING**<br>**QARORI** |
|---|---|
| Taxtakópir rayonı | Taxtako'pir tumani |

**№ 811** **«12» - октябрь 2020-жыл.**

**Тахтакөпир районы “Тахтакөпир” ППЖ аймағында транспорт ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде жолларға тийисли жол белгилерин орнатыў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2015-жыл 24-декабрьдеги 370-санлы қарары менен тастыйықланған «Жол ҳәрекети қағыйдалары» («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами» 2016 йил 3-сон, 23-модда) ның VII бөлимине, Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 19-майдағы “Өзбекстан Республикасы жол қәўипсизлигин тәмийинлеў системасын және де жетилистириў ис-илажлары ҳаққында”ғы 377-санлы қарарына тийкарланып, Өзбекстан Республикасының «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында”ғы Нызамының 7-статьясына тийкарланып, Өзбекстан Республикасының «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамының 6-статьясына муўапық

**Ш Е Ш И М  Е Т Е М Е Н:**

1. Тахтакөпир районлық жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасының 2020-жыл 8-сентябрь күнги 112-санлы ҳәм Тахтакөпир районы ишки ислер бөлиминиң 2020-жыл 4-сентябрь күнги 11/1876-санлы хатлары итибарға алынсын.
2. “Тахтакөпир” ППЖ аймағынан өтиўши 4Н112 “Тахтакөпир-ДФХ Мүлик” автомобиль жолының 114-километрине тәсир аралығы 150 метрге шекем (3.27) тоқтаў қадаған жол белгисин орнатыўға рухсат етилсин.
3. Усы шешимди район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында ҳәм “Тахтакөпир таңы” газетасында рәсмий жәриялаў район ҳәкимлигиниң баспа сөз хызметиниң баслығы Г.Давлетмуратоваға тапсырылсын.
4. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары Д.Жумабаевқа тапсырылсын.
5. Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

**Тахтакөпир районы ҳәкими:** **Ж.Адилов**

ҚОРАҚАЛПОҒСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
АВТОМОБИЛ ЙЎЛЛАРИ ХУДУДИЙ
БОШҚАРМАСИ

Тахтакўпир тумани йўллардан
фойдаланиш унитар корхонаси

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI
AVTOMOBIL JOLLARI AYMAQLIQ
BASQARMASI

Taxtakopir rayon jollardan paydalaniw
unitar karxanasi

Е/б 20210000700416294001 Миллий Банк КК болими МФО-00582 ОКЭД-42110 ОКПО-14959746 ИНН 200954549

231100 Тахтакопир пос, Турымбетов кошеси номерсиз жай, тел: 435-25-93, эл.почта: drsutahta@mail.ru

№ 212 "08" 09 2020 йил

Тахтакөпир районы

**Тахтакөпир районы ҳәкими**

**Ж.А.Адиловқа**

TAXTAKO'PIR RAYONI HA'KIMI
"8" 09 2020 y.
indeks 306

Усының менен Сизден Тахтакөпир районы аймағынан өтиўши Республика аҳмийетине ийе болған 4Р176 "Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир" автомобиль жолының мәмлекетлик дәстүр тийкарында қайта реконструкция қылынып, заман талапларына сай рәўиште үскенелениўи, кеңейттирилиўи, соның менен бирге бир қатар ишки аймақлық жоллардың қайта оңлаў жумыслары алып барылыўы нәтийжесинде автотранспортлар ағымының бир қатар көбейиуи ҳәм ҳәрекет тезлигиниң жоқарылаўына алып келмекте.

Атап айтқанда район "Айдын жол МПЖ" аймағында жайласқан Тахтакөпир дийхан базары жанынан өтиўши 4К3а "Тахтакөпир-Белтаў карьери" автомобиль жолының 0-0,3 км аралығы ҳәмде 4Н112 "Тахтакөпир-ДФХ Мүлик" автомобиль жолының 0-0,3 км аралықларында жолдың еки тәрепинде автомобиллердиң көплеп жыйналып қалыўы нәтийжесинде усы автомобиль жолынан өтиўши автотранспортлар ҳәмде ҳәрекет қатнасыўшыларының ҳәрекетлениўине бир қатар қыйыншылықлар туўдырмақта.

Жоқарыда атап көрсетилген себеплер тийкарында Өзбекстан Республикасының 2007-жыл 2-октябрь күнги "Автомобиль жоллары туўрысында"ғы нызамының **7-статьясында** "Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты органлары: қала ҳәм басқа халық жасаў орынларында транспорт - инфраструктурасын раўажландырыў дәстүрин ислеп шығады ҳәмде әмелге асырады, қала ҳәм басқа халық жасаў орынларында көшелерди жойбарлаў тараўындағы нормалар ҳәмде стандартларға әмел етилиўин тәмийинлейди, қала ҳәм басқа халық жасаў орынларының көшелерин, соның менен бирге хожалықлар ара аўыл автомобиль жолларын қурыў, реконструкция қылыў, қайта оңлаў жумысларын ҳәмде сақлаўды тәмийнлейди, қала ҳәм басқа халық жасаў орынлары көшелериниң есабын жүритеди" деп көрсетилгенлигин есапқа алып район

аймағындағы автомобиль жолларында жол транспорт ҳәдийсесиниң алдын алыў ҳәм ҳәрекет қәўипсизлигин тәмийнлеў мақсетинде Өзбекстан АПЖ аймагынан өтиуши **4Р176 “Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир”** автомобиль жолының 103 километрине “Өзбекстан” халык жасаў орнын билдириуши 5,22 халық жасаў орнының басланыўы жол белгисин ҳәм 109 километрине 5,23 халық жасаў орнының тамамланыўы жол белгиси, Тахтакөпир районы Қараой АПЖ автомобиль жолының 110 километрине халық жасаў орнының басланыўын билдириўши 5,22 халық жасаў орнының басланыўы жол белгисин, 4Н112 “Тахтакөпир-ДФХ Мулик” автомобиль жолының “Дауир МПЖ” аймағынан өтиуши 1,6 километрине 5,23 халық жасаў орнының тамамланыўы жол белгисин, “Қараой АПЖ” аймағынан өтиуши 111 километрине тәсир аралығы 112,05 километрине шекем ҳәмде Ғарезсизлик АПЖ аймағынан өтиуши 112,05 километрине тәсир аралығы 112,7 километрине шекем 3,24 жоқары тезлик шекленген жол белгисин ҳәмде 2,27 тоқтаў қадаған жол белгисин, қарама-қарсы тәрептен 112,6 километрине тәсир аралығы кейинги кесилиспеге шекем 3,24 жоқары тезлик шекленген жол белгиси, 112,7 километрине тәсир аралығы 113,1 километрине шекем 3,27 тоқтаў қадаған жол белгисин, жолдың қарама қарсы тәрепи 113 километрине тәсир аралығы 112,6 километрине шекем 3,27 тоқтаў қадаған жол белгисин ҳәмде усы автомобиль жолының Тахтакупир ППЖ аймағынан өтиуши 114 километрине тәсир аралығы 150 метрге шекем 3,27 тоқтаў қадаған жол белгилерин;

Соның менен бирге“Айдын жол МПЖ” аймағынан отиуши **4К3а “Тахтакөпир-Белтаў карьери”** автомобиль жолының 0 километрине тәсир аралығы 0,3 километрине шекем 3.27 тоқтаў қадаған жол белгисин, 0,3 километрине қарама-қарсы тәрепинен тәсир аралығы 0 километрине шекем 3.27 тоқтаў қадаған жол белгисин, 0,9 километрине 3.4 жүк автомобиллериниң ҳәрекетлениўи қадаған жол белгисин 1,1 километрине тәсир аралығы кейинги кесилиспеге шекем 3.24 жоқары тезлик шекленген жол белгисин, Даухара АПЖ аймағынан өтиуши 6,5 километрине тәсир аралығы кейинги кесилиспеге шекем 3.24 жоқары тезлик шекленген жол белгисин, 6,7 километрине қарама қарсы тәрепинен тәсир аралығы кейинги кесилиспеге шекем 3.24 жоқары тезлик шекленген жол белгисин;

“Айдын жол МПЖ” аймағынан отиуши **4Н112 “Тахтакөпир-ДФХ Мулик”** автомобиль жолының 0 километрине тәсир аралығы 0,3 километрине шекем 3.27 тоқтаў қадаған жол белгисин, 0,3 километрине қарама-қарсы тәрепинен тәсир аралығы 0 километрине шекем 3.27 тоқтаў қадаған жол белгисин, “Дауир МПЖ” аймағынан отиуши 1,5 километрине тәсир аралығы кейинги кесилиспеге шекем 3.24 жоқары тезлик шекленген жол белгисин ҳәмде 2,1 километрине 3.4 жүк автомобиллериниң ҳәрекетлениўи қадаған жол белгилерин орнатыў бойынша қарар қабыл етиўиңизди сораймыз.

**Тахтакөпир РЖПУК басльığы:-** **Т .Нурманов**

**QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI ICHKI ISHLAR VAZIRLIGI**
**TAXTAKUPIR TUMANI ICHKI ISHLAR BULIMI**
**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI ISHKI ISLER MINISTRLIGI**
**TAXTAKÓPIR RAYONÍ ISHKI ISLER BÓLIMI**
**231100 Taxtakupir tumani Dosliq guzari kuchasi, r-z uy./ Taxtako'pir rayonı, Dosliq guzari k o'shesi n/z jay.**

11/1876 «04» сентябрь 2020-жыл

**Тахтакөпир районы ҳәкими**
**Ж.А.Адиловқа**

Усының менен Сизден Тахтакөпир районы аймағынан өтиўши Республика аҳмийетине ийе болған 4Р176 "Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир" автомобиль жолының мәмлекетлик дәстүр тийкарында қайта реконструкция қылынып, заман талапларына сай рәўиште үскенелениўи, кеңейттирилиўи, соның менен бирге бир қатар ишки аймақлық жоллардың қайта оңлаў жумыслары алып барылыўы нәтийжесинде автотранспортлар ағымының бир қатар көбейиуи ҳәм ҳәрекет тезлигиниң жоқарылаўына алып келмекте.

Атап айтқанда район аймағында жайласқан Тахтакөпир дийхан базары жанынан өтиўши 4К3а "Тахтакөпир-Белтаў карьери" автомобиль жолының 0-0,3 км аралығы ҳәмде 4Н112 "Тахтакөпир-ДФХ Мүлик" автомобиль жолының 0-0,3 км аралықларында жолдың еки тәрепинде автомобиллердиң көплеп жыйналып қалыўы нәтийжесинде усы автомобиль жолынан өтиўши автотранспортлар ҳәмде ҳәрекет қатнасыўшыларының ҳәрекетлениўине бир қатар қыйыншылықлар туўдырмақта.

Жоқарыда атап көрсетилген себеплер тийкарында Өзбекстан Республикасының 2007-жыл 2-октябрь күнги "Автомобиль жоллары туўрысында"ғы нызамының **7-статьясында** "Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты органлары: қала ҳәм басқа халық жасаў орынларында транспорт - инфраструктурасын раўажландырыў дәстүрин ислеп шығады ҳәмде әмелге асырады, қала ҳәм басқа халық жасаў орынларында көшелерди жойбарлаў тараўындағы нормалар ҳәмде стандартларға әмел етилиўин тәмийинлейди, қала ҳәм басқа халық жасаў орынларының көшелерин, соның менен бирге хожалықлар ара аўыл автомобиль жолларын қурыў, реконструкция қылыў, қайта оңлаў жумысларын ҳәмде сақлаўды тәмийнлейди, қала ҳәм басқа халық жасаў орынлары көшелериниң есабын жүритеди" деп көрсетилгенлигин есапқа алып район аймағындағы автомобиль жолларында жол транспорт ҳәдийсесиниң алдын алыў ҳәм ҳәрекет қәўипсизлигин тәмийнлеў мақсетинде **4Р176 "Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир"** автомобиль жолының 111 километрине тәсир аралығы 112,05 километрине шекем ҳәмде 112,05 километрине тәсир аралығы 112,7 километрине шекем 3,24 жоқары тезлик шекленген жол белгисин ҳәмде

«4» 09 2020 y.
indeks 302

2,27 тоқтаў қадаған жол белгисин, қарама-қарсы тәрептен 112,6 километрине тәсир аралығы кейинги кесилиспеге шекем 3,24 жоқары тезлик шекленген жол белгиси, 112,7 километрине тәсир аралығы 113,1 километрине шекем 3,27 тоқтаў қадаған жол белгисин, жолдың қарама қарсы тәрепи 113 километрине тәсир аралығы 112,6 километрине шекем 3,27 тоқтаў қадаған жол белгисин ҳәмде усы автомобиль жолының 114 километирине тәсир аралығы 150 метрге шекем 3,27 тоқтаў қадаған жол белгилерин;

Соның менен бирге **4К3а “Тахтакөпир-Белтаў карьери”** автомобиль жолының 0 километрине тәсир аралығы 0,3 километрине шекем 3.27 тоқтаў қадаған жол белгисин, 0,3 километрине қарама-қарсы тәрепинен тәсир аралығы 0 километирине шекем 3.27 тоқтаў қадаған жол белгисин, 0,9 километрине 3.4 жүк автомобиллериниң ҳәрекетлениўи қадаған жол белгисин, 1,1 километрине тәсир аралығы кейинги кесилиспеге шекем 3.24 жоқары тезлик шекленген жол белгисин, 6,5 километрине тәсир аралығы кейинги кесилиспеге шекем 3.24 жоқары тезлик шекленген жол белгисин, 6,7 километрине қарама қарсы тәрепинен тәсир аралығы кейинги кесилиспеге шекем 3.24 жоқары тезлик шекленген жол белгисин;

**4Н112 “Тахтакөпир-ДФХ Мулик”** автомобиль жолының 0 километрине тәсир аралығы 0,3 километрине шекем 3.27 тоқтаў қадаған жол белгисин, 0,3 километрине қарама-қарсы тәрепинен тәсир аралығы 0 километрине шекем 3.27 тоқтаў қадаған жол белгисин, 1,5 километрине тәсир аралығы кейинги кесилиспеге шекем 3.24 жоқары тезлик шекленген жол белгисин ҳәмде 2,1 километрине 3.4 жүк автомобиллериниң ҳәрекетлениўи қадаған жол белгилерин орнатыў бойынша қарар қабыл етиўиңизди сораймыз.

**Тахтакөпир РИИБ баслығы**
**подполковник** **Т.С.Қдырбаев**

O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI A'DILLIK MINISTRLIGI
QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI A'DILLIK MINISTRLIGI
TAXTAKO'PIR RAYONI A'DILLIK BO'LIMI
231000, Taxtako'pir rayonı, Doslıq gu'zarı, nomersiz jay,
tel.: (+998 61) 435 11 56, el.pochta: taxtakupir-adliya@exat.uz, taxtakupir@adliya.uz

2020-жыл 7-октябрь 12/1-5/22-сан

**Тахтакөпир район ҳәкими**
**Ж.Адиловқа**

**Сизиң 2020-жыл 29-сентябрь күнги №01-10/234-санлы хатыңызға:**

Тахтакөпир районы «Тахтакөпир» ППЖ аймағында транспорт ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде жолларға тийисли жол белгилерин орнатыў ҳаққында»ғы шешим жойбары нызам ҳүжжетлери ҳәм нызамшылық техникасы қағыйдаларына муўапықлығын билдиреди.

Бул шешим қабыл етилгеннен соң, рәсмий баспаларда жәрияланыўы, рәсмий веб-сайтта жайластырылыўы (рәсмий жәриялағаннан кейин **еки күннен кешикпей**), «Өзбекистан Республикасы норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң мәмлекетлик есабы ҳаққында»ғы Режеге (дизим номери 1856, 2008-жыл 10-сентябрь) муўапық, **3 күн ишинде** мәмлекетлик есапқа алыў ушын **қағаз ҳәм электрон формаларда Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлигине** усыныўыңызды сорайман.

**Тахтакөпир районы әдиллик бөлим баслығы** **Н.Калимбетов**

TAXTAKO'PIR RAYONI HA'KIMI
"9" 10 2020 j.
indeks 1011

**«ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН»**
**Тахтакөпир районы әдиллик бөлими баслығы**
**_____________ Н.Калимбетов**

**Тахтакөпир районы әдиллик бөлими тәрепинен норматив-хуқықый ҳүжжет жойбарын хуқықый экспертизадан өткериў бойынша**
**6-санлы ЖУЎМАҚ**

**2020-жыл 7–октябрь** **Тахтакөпир районы**

Өзбекстан Республикасы «Норматив-хуқықый ҳүжжетлер ҳаққында»ғы Нызамының 21-статьясы ҳәмде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 13-апрельдеги ПҚ-3666-санлы қарары менен тастыйықланған «Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққында»ғы Режеге тийкар, Қарақалпақстан Республикасы Тахтакөпир районы ҳәкиминиң «Тахтакөпир» ППЖ аймағында транспорт ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде жолларға тийисли жол белгилерин орнатыў ҳаққында»ғы шешими жойбары хуқықый экспертизадан өткерилгенде төмендегилер

**АНЫҚЛАНДЫ:**

Жойбар Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2015-жыл 24-декабрьдеги 370-санлы Қарары менен тастыйықланған «Жол ҳәрекети қағыйдалары ҳаққында»ғы Қағыйда ҳәм «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызам талапларының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде ислеп шығылған.

Өзбекстан Республикасы «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызам ҳәм «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамына тийкар жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына усы қатнасықларды тәртипке салыў ушын шешим қабыл етиў ўәкиллиги берилген.

Тахтакөпир районы ҳәкиминиң «Тахтакөпир» ППЖ аймағында транспорт ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде жол ҳәрекети белгилерин орнатыў ҳаққында»ғы шешими жойбары нызам ҳүжжетлерине қайшы емес.

Усы шешим жойбары нызамшылық техникасы талапларына толық жуўап береди.

Жоқарыдағыларғы муўапық, Тахтакөпир районы ҳәкиминиң норматив-хуқықый түстеги шешими жойбарын хуқықый экспертизадан өткериў нәтийжелери бойынша

**ЖУЎМАҚ ЕТИЛДИ:**

Тахтакөпир районы ҳәкиминиң «Тахтакөпир» ППЖ аймағында транспорт ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде жолларға тийисли жол белгилерин орнатыў ҳаққында»ғы шешими жойбары нызам ҳүжжетлери тийкарында ислеп шығылғанлығы ҳәм нызамшылық техникасы талапларына муўапықлығы белгиленсин.

Усы жуўмақ тийисли хат пенен район ҳәкимлигине жиберилсин.

**Бөлим бас мәсләҳәтши** **Р.Курбанов**

Qaraqalpaqstan Respublikası
Taxtakópir rayonı
HÁKIMLIGI

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Taxtako'pir tumani
HOKIMLIGI

Taxtakópir rayonı | Taxtako'pir tumani

№ 01-10/ 246

«15» - октябрь 2020-жыл.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Әдиллик министри**
**С.А.Мамбеткадировқа**

Сизге, Тахтакөпир районы ҳәкиминиң 2020-жыл 12-октябрь күнги "Тахтакөпир районы "Тахтакөпир" посёлка пуқаралар жыйыны аймағында транспорт ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде жолларға тийисли жол белгилерин орнатыў ҳаққында" ғы 811-санлы шешимин, «Өзбекстан Республикасы норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң мәмлекетлик есабы ҳаққында»ғы Режеге (дизим №1856, 2008-жыл 10-сентябрь) муўапық, мәмлекетлик дизимге алыў ушын жиберемиз.

***Қосымша:*** Шешим 1 бет.

**Тахтакөпир районы ҳәкими** **Ж. Адилов**